# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

देस आजु स्वतंत्रता सेनानी अउर जनजातीय नेता धरती आबा बिरसा मुण्डा क एक सौ पचासवीं जयंती मना रहल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोनभद्र जिला क चोपन में आयोजित एगो विसेस कार्यक्रम में सामिल भइलें। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री सोनभद्र जिला बदे पांच सौ अड़तालीस करोड़ रूपिया क चार सौ बत्तीस विकास परियोजना क लोकार्पण अउर नेइ धइलें। जनजातीय गौरव दिवस समारोह में धरती आबा बिरसा मुण्डा के नमन करत मुख्यमंत्री कहलें कि धरती आबा क सनेसा नया भारत में राष्ट्र प्रथम क भावना के रूप में प्रकट हो रहल हौ। मुख्यमंत्री, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क अगुवाई में जनजातीय समुदायन क कल्याण बदे कइल गइल पहल क उल्लेख करत कहलें कि–

***आदरणीय प्रधानमंत्री जी ने पीएम जनमन योजना के अंतर्गत धरती आवाज जनजातीय ग्राम उत्तर संविधान प्रारंभ किया है, और संविधान के अंतर्गत मुझे बताते हुए प्रसंन्नता है कि इस अभियान के अंतर्गत उत्तर प्रदेश के पांच सौ सत्रह गांवों में जो जनजातीय बाहुल्य गांव है उन गांवों में बुनियादी सुविधाओं के साथ–साथ उनके समग्र विकास के लिए डबल इंजन की सरकार कार्य कर रही है।***

मुख्यमंत्री जनजातीय कल्याण के सरकार क प्राथमिकता बतावत कहलें कि पछिला सरकार कुलि येह पर फइसिला नाही ले पावत रहलीं।

***पिछली सरकारें निर्णय नही ले पा रही थीं। क्योकि वे जनजातीय समुदाय का शोषण करती थी। हमारी सरकार ने निर्णय लिया। कि वनाधिकार कानून में संसोधन के उपरान्त उन्हें पट्टा भी मिलना चाहिए। आज भी एक हजार से अधिक जनजातीय समुदाय के लोगों को उनके पट्टे उपलब्ध हो गये हैं और इससे पहले तेइस हजार से अधिक ऐसे पट्टे स्वीकृत किए जा चुके हैं।***

मुख्यमंत्री डबल इंजन सरकार में सोनभद्र जिला में आइल बदलावों क विस्तार से चर्चा कइलें। उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य सहारनपुर में आयोजित जनजातीय गौरव दिवस कार्यक्रम में सामिल भइलें।

**********

केन्द्रीय रक्षा मंत्री अउर लखनऊ क सांसद राजनाथ सिंह आजु दुइ दिन क दौरा पर लखनऊ पहुंचलें। दौरा के पहिला दिने उहां के कैंट विधानसभा क कैंट मंडल चार में सीनियर कार्यकर्ता जनसंवाद कार्यक्रम के संबोधित कइलीं। रक्षा मंत्री बिहार विधानसभा चुनाव में एनडीए के विजय क चर्चा करत कहलें कि ईहे नतीजा उत्तर प्रदेशों में दोहरावल जाई।

**********

पूर्व मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह के प्रदेस सरकार स्टेट ट्रांसफार्मेशन कमीशन क मुख्य कार्यकारी अधिकारी नामित कइले हौ। स्टेट ट्रांसफार्मेशन कमीशन क गठन केन्द्र के नीति आयोग क तर्ज पर कइल गइल हौ। मूल रूप से ई राज्य योजना आयोग क पुनरगठित स्वरूप हौ।

**********

बनारस जिला क छावनी में रणबांकुरे स्टेडियम में आठ नवंबर से जारी सेना क अग्निवीर भर्ती रैली में आजु देवरिया अउर गाजीपुर जिला के ओम्मेदवारन क भरती प्रक्रिया पूरा भइल। कुलि एक हजार दुइ सौ ओम्मेदवारन में से नौ सौ छानबे ओम्मेदवार उपस्थित भइलें। जवना में से छः सौ इक्यावन के सफल घोसित कइल गइल। बिहने गाजीपुर जिला क जखनिया, सैदपुर अउर मोहम्मदाबाद तहसीलन क कुलि एक हजार दुई सौ साठ ओम्मेदवारन क भरती प्रक्रिया आयोजित कइल जाई।

**********

अजोध्या धाम में श्रीराम मंदिर में आवे वाला पचीस नवंबर के होखे वाला ध्वजारोहण कार्यक्रम के चलते चौबीस नवंबर क राति से रामलला क दरसन आम सरधालुअन बदे बंद कै दिहल जाई। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क महासचिव चंपत राय बतवलें कि सुरक्षा अउर कार्यक्रम क गरिमा के देखि के पचीस नवंबर के भक्त मंदिर पहुंचि के दरसन नाही कै पइहें। टीवी अउर एलईडी स्क्रीन पर ध्वजारोण कार्यक्रम क सोझे परसारण होई। ध्वजारोहण समारोह के तइयारियन के बिच्चे काल्हि श्रीराम जनमभूमि मंदिर हाता में माता सीता के रसोई क उद्घाटन सम्पन्न भइल।

**********

सूचना, शिक्षा अउर मनोरंजन क प्रसार के साथे देस क सांस्कृतिक विरासत के आगे बढ़ावत येह बरिस आकाशवाणी संगीत सम्मेलन के सड़सठवां संस्करण क आयोजन देस भर क चौबीस केन्द्रन की ओरि से कइल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु आकाशवाणी बनारस की ओरि से काशी हिन्दू विश्वविद्यालय क संगीत अउर मंच कला संकाय क प्रेक्षागृह में संगीत सम्मेलन क आयोजन भइल। सम्मेलन क सुभारंभ पद्मभूषण देवी प्रसाद द्विवेदी के साथे क्लस्टर प्रमुख स्वतंत्र कुमार अउर कार्यक्रम प्रमुख अशोक पाण्डेय दीया बारि के कइलें। सम्मेलन में बनारस क प्रतिष्ठित कलाकार डॉक्टर शुभंकर डे शास्त्रीय गायन अउर मन्ना लाल यादव लोकगीतन क प्रस्तुति देहलें।

**********

मौसम विभाग प्रदेस क पूर्वी अउर पश्चिमी संभाग में आवे वाला तीन दिन ले सबेरे क समय हल्लुक से मध्यम कुहेसा क आगम जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से येह समय में मौसम सुस्क बनल रही अउर तापमान में कउनो बड़हन बदलाव क आगम नइखे।

**********